



ProjectTEACH

Sante Mantal Timoun Ou: Byennèt Mantal Kay Timoun Laj 0-5 Lane

Lè ou mennen timoun ou an fè yon vizit swen jeneral, enkyetid ou yo chanje selon laj timoun ou an. Kesyon ou gen yo dwe abòde enkyetid pou sante mantal yo ansanm ak lòt enkyetid pou sante fizik tou. Nou ta renmen pataje kèk kesyon ou dwe reflechi sou yo si timoun ou an gen laj soti zewo rive senk lane.

Se nan premye senk (5) ane yo nan lavi li timoun ou an metrize bagay pifò nan nou pa pran pou anyen. Dòmi byen, manje byen, sèvi avèk mo, ak kapab rakonte istwa. Se konsa moun aji antre yo, epi nou metrize konpetans sa yo anvan nou vin gen senkan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou etap enpòtan yo nan devlopman sosyal ak emosyonèl ke timoun yo atenn nan laj sa a, al gade nan ti liv [Gid pou Paran Timoun Laj Ennan rive Senkan](#).

Kesyon pou Reponn anvan yon Vizit pou Swen Jeneral – Laj 0 a 5 an

Men kèk kesyon pou ou poze ak pou reflechi sou yo anvan pwochen vizit timoun ou an kay doktè. Si ou enkyete w pou nenpòt nan repons ou yo, pale sou yo ak doktè ou an. Si doktè ou an pa mande w enfòmasyon sou yon bagay ki enkyete w, asire ke ou fè li konnen kisa ou remake.

SOMÈY

- Èske timoun ou an dòmi pandan tout nwit la? Si se non, chak kilè li reveye?
- Konbyen tan timoun ou an bezwen pou dòmi pran li oswa pou li tounen dòmi ankò?
- Kikote timoun ou an dòmi lannwit? Kikote timoun ou an dòmi pandan lajounen?
- Èske timoun ou an fè move rèv (kochma)? Si se wi, èske timoun ou an sonje move rèv (kochma) yo nan demen maten?
- Èske timoun ou an konn pipi oswa pou pou nan kabann? Konbyen fwa? Kilè sa rive?
- Ki woutin ou genyen nan lannwit? Èske li varye?

JWE

- Kijan timoun ou an jwe? Èske li jwe avèk zanmi oswa akote zanmi? Èske timoun ou an gen yon meye zanmi? Èske timoun ou an gen yon gwoup zanmi?
- Èske timoun ou an gen yon zanmi imajinè?
- Èske timoun ou an fè desen? Kisa timoun ou an desine?

MANJE

- Kilè timoun ou an manje repa? Kilè li pran ti goute?
- Kisa timoun ou an manje pandan repa ak ti goute yo?
- Èske timoun ou an difisil nan manje?

PLEZI

- Kijan timoun ou an amize l?
- Èske timoun ou an amize l avèk frè ak sè? Avèk paran yo? Granmè/granpè?

LAPERÈZ

- Èske timoun ou an gen nenpòt laperèz espesyal?
- Kijan timoun ou an jere laperèz yo?

LAPAWÒL

- Èske timoun ou an pale anpil?
- Èske te gen chanjman nan vokabilè timoun ou an?
- Èske ou ka konprann kisa timoun ou an ap di w?
- Èske timoun ou an rakonte istwa?
- Èske timoun ou an itilize koulè lè l ap rakonte w istwa?
- Èske timoun ou an itilize son lè l ap rakonte w istwa?

Chanjman nan Fanmi an

Estrès sansès nan fanmi an oswa gwo evènman lavi yo ka afekte byennèt jenn timoun yo tou. Sa yo ka gen ladan separasyon oswa divòs, al rete nan yon nouvo kay oswa nouvo kominote, nesans yon timoun ki gen bezwen espesyal, oswa yon dyagnostik medikal grav nan fanmi an. Asire ou enfòm pedyat timoun ou an si gen chanjman sa yo oswa lòt gwo chanjman ki rive nan fanmi w.

REZIME

Pa bliye, se oumenm ki konnen timoun ou an pi byen. Men, si repons ou pou nenpòt nan kesyon sa yo fè ou reflechi, konsidere panse ou yo kòm yon okazyon pou poze doktè ou plis kesyon. Apre tou, se pou sa doktè ou la!

Aprann plis nan ProjectTEACHny.org